

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5. 1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data soal ujian kelas VII, VIII jeung IX, semester jangkep SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2010/2011 nurutkeun kana validitas eusi, validitas konstruksi, réliabilitas, hésé babarina soal sarta daya pangbéda, bisa dicindekkeun jadi sabaraha pedaran ieu di handap.

1. Validitas

Dumasar kana pedaran di BAB IV ngeunaan analisis soal Ujian Ahir Semester (UAS) wangun pilihan ganda kelas VII, bisa dicindekkeun yén soal anu valid jeung Standar Kompetensi Kompetensi Dasar (SKKD), indikator jeung buku ajar tina 40 nomer ngan genep (15 %), sedengkeun dumasar kana validitas konstruksi, soal anu valid jeung tujuan pembelajaran sarta indikator anu nyampak dina silabus nya éta ngan 12,5%.

Wangun uraian kelas VII tina lima soal, anu valid jeung Standar Kompetensi, kompetensi dasar jeung indikator nya éta dua nomer (40%), sedengkeun soal anu valid jeung validitas konstruksina nya éta 20 %.

Dina validitas eusi kelas VIII wangun pilihan ganda, soal anu valid jeung SKKD, indikator jeung buku ajar nya éta 25%, sedengkeun nurutkeun validitas konstruksi, soal anu valid nya éta 17,5%. Soal uraian dumasar kana validitas eusi kelas VIII anu valid jeung SKKD jeung indikator nya éta 60%, sedengkeun soal anu valid jeung validitas konstruksina nya éta 60%.

Wangun pilihan ganda kelas IX, soal anu teu valid jeung SKKD tina 40 nomer nya éta lima (12,5%), sedengkeun dumasar kana validitas konstruksi, soal anu valid tina 40 nomer nya éta aya genep (15%). Pikeun wangun uraian, soal kelas IX anu valid dumasar kana validitas eusi nya éta 60%, sedengkeun soal anu valid dumasar kana validitas konstruksi, (luyu jeung tujuan sarta indikator) tina lima soal nya éta tilu (60%).

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén soal wangun pilihan ganda anu valid téh henteu nepi ka 50%, lobana soal anu teu valid lantaran soal leuwih loba ngeunaan aspék kabasaana atawa aspék pangdeudeul wungkul, sedengkeun matéri anu saluyu jeung SKKD kurang loba dijieun dina wangun soal, padahal aspék kabasaan anu aya di ahir matéri mangrupa panglengkep.

2. Tingkat Réliabilitas

Dina ieu panalungtikan, pikeun nguji réliabilitas soal ujian ahir semester basa Sunda SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2010/2011 wangun pilihan ganda ngagunakeun rumus *Beulah Dua*.

Tingkat réliabilitas wangun pilihan ganda kelas VII kaasup luhur nya éta 0,89. Pikeun kelas VIII miboga réliabilitas anu luhur, nya éta 0,79 sedengkeun pikeun kelas IX miboga tingkat réliabilitas anu luhur , nya éta 0.77. Jadi, bisa dicindekkeun yén soal Ujian Ahir Semester kelas VII, kelas VIII jeung kelas IX miboga tingkat réliabilitas anu luhur.

Wangun uraian anu maké rumus *Alpha*, koéfisien tingkat réliabilitas soal ujian Ahir Semester (UAS) kelas VII mata pelajaran Basa Sunda SMP Negeri 29

Bandung taun ajar 2010/2011, ngabogaan tingkat kepercayaan anu handap, sabab koéfisien réliabiitas téсна nya éta 0,256. Pikeun kelas VIII tingkat kepercayaanana sedeng, sabab koéfisien réliabiitas téсна nya éta 0,456. Pikeun kelas IX miboga tingkat kepercayaan anu handap, sabab koéfisien réliabiitas téсна nya éta 0,347. Jadi, bisa dicindekkeunn yén tingkat réliabilitas kelas VII, kelas VIII, jeung kelas IX rata-rata handap.

3. Tingkat Hésé Babari Soal

Proporsi tingkat hésé babari soal ujian ahir Seméster wangun pilihan ganda basa Sunda kelas VII anu digunakeun ku SMP Negeri 29 Bandung tina soal 40 Hasil analisis tingkat hésé babarina soal ujian Ahir Semester (UAS) kelas VII, aya 22 (55%) soal anu kudu diganti lantaran kaasup kana soal anu babari. Aya 12 (30%) soal anu dipaké lantaran asup kana soal anu sedeng, sedengkeun 6 (15%) soal kudu dirévisi, lantaran soal hésé teuing. Pikeun soal wangun uraian, soal anu kudu diganti tina lima nomer aya tilu, nya éta nomer hiji, tilu jeung lima sabab soalna kaasup babari (60%), sedengkeun pikeun soal anu kapaké nya éta nomer dua jeung nomer opat (40%).

Dumasar kana analisis tingkat hésé babarina soal kelas VIII, tina 40 soal aya 15 soal (37,5%) anu kudu diganti lantaran kaasup kana soal anu babari, 22 soal (55%) anu dipaké lantaran asup kana soal anu sedeng, sedengkeun 3 (7,5%) soal kudu dirévisi lantaran soalna hésé teuing. Pikeun soal uraian, tina lima nomer anu kudu diganti aya dua nomer, sabab soal babari teuing nya éta nomer dua jeung

tilu, sedengkeun pikeun soal anu hadé aya tilu nomer nya éta nomer hiji, opat jeung lima.

Wangun pilihan ganda kelas IX tina 40 soal aya 16 soal (40%) kudu diganti lantaran kaasup kana soal anu babari, 20 soal (50%) dipaké lantaran asup kana soal anu sedeng, sedengkeun 4 soal (10%) kudu dirévisi lantaran soalna hésé teuing. Pikeun soal uraian kelas IX, soal anu kudu diganti tina lima nomer aya tilu nya éta nomer hiji, dua jeung tilu sabab soalna babari teuing. Soal anu kapaké nya éta nomer opat, sedengkeun pikeun soal anu kudu dirévisi, lantaran hésé teuing aya hiji nya éta nomer lima.

4. Daya Pangbéda

Wangun Pilihan Ganda

Dina nganalisis daya pangbéda, ieu panalungtikan diitung maké rumus $SH - SL$ (skor handap – skor maksimal) tuluy dibandingkeun jeung kriteria Ross & Stanley.

Soal kelas VII anu ditarima (layak) dina ieu Ujian Ahir Semester (UAS) 15%, sedengkeun pikeun soal anu teu ditarima 85%. Lobana soal anu teu ditarima lantaran soal babari teuing, ieu hal bisa katitén lobana siswa anu bisa ngajawab dina hiji soal anu atawa sabalikna, nya éta soal hésé teuing, sahingga siswa loba anu teu bisa ngajawab. Ku kituna, soal kelas VII loba anu teu bisa ngabédakeun antara budak anu pinter jeung budak anu kurang pinter. Soal kelas VIII anu ditarima nya éta 40%, Sedengkeun pikeun soal anu teu ditarima 60%.

Dumasar kana hasil ngitung anu maké kriteria anu dijieun ku Ross jeung Stanley, soal anu ditarima (layak) dina ieu Ujian Ahir Semester (UAS) kelas IX SMP Negeri 29 taun ajar 2010/2011 nya éta 32,5%, sedengkeun Soal anu teu ditarima dia ieu Ujian Ahir Semester (UAS) kelas IX SMP Negeri 29 Taun Ajar 2010/2011 nya éta $\frac{27}{40} \times 100 = 67,5\%$.

Wangun Uraian

Pikeun wangun uraian kelas VII miboga daya pangbéda anu goréng, sabab 100% indéks soal anu dimeunangkeun tiap-tiap soalna teu nyumponan kana indek anu hadé nya éta indek antara 0,25-0,85, sedengkeun pikeun wangun uraian kelas VIII, sakabéh soalna miboga daya pangbéda soal anu hadé.

Pikeun soal wangun uraian kelas IX daya pangbéda soal anu hadé, lantaran opat tina lima soalna, nya éta nomer dua, tilu, opat jeung lima miboga kualitas anu hadé. Ku kituna dicindekkeun yén 80% soal kelas IX miboga daya pangbéda anu hadé.

5.2 Saran

Dumasar kana analisis anu dilakukeun, aya sababaraha saran pikeun pamaca, nya éta:

- 1) pikeun nyieun hiji soal, hususna pikeun soal Ujian, usahakeun saluyu tujuan pembelajaran anu rék dihontal, sabab tujuan dumasar kana SKKD, minimal 70%-na, sedengkeun 30% aspék kabasaan. Ieu hal disababkeun,

matéri inti didumasarkeun kana SKKD, sedengkeun aspék kabasaan mangrupa pangrojong tina tiap matéri inti.

- 2) Soal anu layak (paké) dumasar kana rékapitulasi, dijadikeun bank soal pikeun diujikeun deui pikeun ujian kahareupna.
- 3) Soal diharepkeun henteu hésé teuing atawa babari teuing, sabab teu bisa ngabédakeun mana murid anu sapopoéna pinter jeung mana murid anu sapopoéna kurang pinter.

